

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Basa Sunda mangrupa basa kadua anu panglobana dipaké ku masarakat Indonesia sanggeus basa Jawa (Bulan, 2019, kc. 2) Ngaliwatan basa, manusa bisa ngungkapkeun rasa, pikiran, jeung informasi ka balaréa. Basa teu digunakeun pikeun ngungkapkeun rasa jeung pamikiran hungkul, tapi manusa ogé bisa mangpaatkeun basa pikeun ngungkapkeun jeung ngagambarkeun hubungan sosial jeung jalma réa dina komunikasi (Damayanti, 2015, kc. 3). Ieu hal aya patalina jeung pamadegan ti Devitt & Hanley (dina Noermanzah, 2019, kc. 2) anu nétélakeun yén basa mangrupa pesen anu ditepikeun dina wangun ékspresi salaku alat komunikasi dina situasi anu tangtu dina rupa-rupa kagiatan. Rakhmat (dina Amri, 2017, kc. 2) ngébréhkeun yén komunikasi téh mangrupa peristiwa sosial-peristiwa anu lumangsung nalika hiji jalma ngayakeun komunikasi jeung jalma séjénna.

Dina kahirupan sapopoé masarakat anu ngagunakeun dua basa atawa leuwih sacara silih ganti éta disebut bilingualisme (Damayanti, 2014, kc. 2). Makéna dua basa atawa leuwih anu mana panyatur silih nyeselan unsur-unsur atawa variasi hiji basa ka basa nu séjén disebutna campur kode (Rokhman dina Ulfiyani, 2014, kc. 6). Ieu hal luyu jeung pamadegan ti Saddhono (dina Rohmadi spk., 2014, kc. 3) anu ngébréhkeun yén campur kode téh mangrupa makéna dua basa atawa leuwih ku cara nyeselan hiji unsur basa ka basa anu séjénna. Chaer & Agustina (2014, kc. 120) nétélakeun yén campur kode mangrupa makéna bagéan basa séjén nalika ngagunakeun hiji basa. Dina ieu hal, panyatur nyeselan unsur-unsur basa séjén nalika keur ngagunakeun hiji basa anu tangtu dina paguneman. Biasana unsur-unsur basa Indonesia diseselan ku panyatur basa daérah atawa basa indung nalika campur kode lumangsung. Kitu ogé sabalikna, panyatur basa Indonesia nu nyeselan unsur-unsur basa séjén nalika komunikasi. Ciri anu pangonjoyna tina campur kode bisa katingali tina situasi nonformal (Zakiyah, 2014, kc. 2).

Ayana kamajuan téhnologi komunikasi jeung informasi mangaruhan kana basa anu digunakeun hususna dina sosial média (Solehudin, 2015, kc. 2). Komo di jaman ayeuna sosial média téh mangrupa hal anu teu bisa dilepas sabab sosial

média nyadiakeun rupa-rupa *platform* pikeun ngabagikeun kontén. Dimana anu maké sosial média bisa ngapungkeun foto, vidéo, artikel, jeung pamikiran sangkan bisa ditingali jeung dikoméntaran ku nu séjénna. Ku kituna, kamekaran téhnologi ieu téh bisa ogé ngalantarankeun manusa leuwih gampang dina diajar basa, boh basa daérah atawa basa asing nepi ka campur kode mineng kapanggih dina kahirupan sapopoé.

Salah sahiji sosial média anu mineng dipaké ku jalma réa di jaman ayeuna nyaéta *youtube*. Burnett & Melissa (dina Wigati spk, 2018, kc. 1) nétélakeun yén *youtube* mangrupa situs *web* atawa aplikasi anu méré layanan *video sharing popular* anu nyieun pamaké éta situs bisa ngapungkeun jeung lalajo rupa-rupa vidéo sacara haratis. Nurutkeun Budiargo (Permana, 2017, kc. 20) *youtube* mangrupa *web video online*, anu guna utamana minangka média pikeun néang (*searching*), ningali jeung ngabagikeun vidéo ngaliwatan hiji *web* atawa *aplikasi*. *Kreator youtube* anu ngapungkeun vidéo kana *youtube* biasana disebut *youtuber*. Para *youtuber* miboga kabébasan pikeun ngapungkeun vidéona, saperti bébas dina nangtukeun pilihan téma jeung basa anu digunakeun dina vidéo ku éta *youtuber* (Hapsari, 2018, kc. 2).

Airani Iofifteen, nénéhna Yopi mangrupa salah sahiji *vtuber* (*virtual youtuber*) anu ayeuna geus boga 745 rébu *subscriber* tina hiji agensi *idol* Jepang anu bisa ngagunakeun leuwih ti dua basa saperti basa Indonesia, Inggris, Jepang, Sunda, Jerman, Korea jeung basa Isyarat. Hal anu unik tina *channel youtube* Airani Iofifteen téh nyaéta ayana bagian husus (ségmén) anu mana Airani ngagunakeun basa Sunda unggal poé rebo dina vidéona, ségménna dingaranan “Rebo Nyunda”. Aya total 8 vidéo tina ségmén rebo nyunda anu dimimitian ti taun 2021 nepi ka ayeuna taun 2024.

Basa anu dipaké ku Airani Iofifteen dina ségmén “Rebo Nyunda” henteu ngagunakeun bahasa Indonesia jeung Sunda hungkul, kadang Airani nyeselan basa séjén ogé saperti Inggris, Jerman jeung Jepang. Ku lantaran panongton ti *youtube channel* Airani Iofifteen téh sanés ti Indonesia hungkul tapi ti luar Indonesia ogé anu mana lolobana ti Inggris jeung Jepang, ieu hal anu ngalantarankeun panongton kairut pikeun nongton kontén tina ségmén “Rebo Nyunda”. Tapi, basa mimiti (B1) Airani téh basa Indonesia, sanajan dina ségmén

“Rebo Nyunda” Airani ngagunakeun basa Sunda nalika komunikasi. Ieu hal anu jadi sabab Airani loba ngagunakeun campur kode dina vidéo-vidéona hususna dina ségmén “Rebo Nyunda”.

Campur kode dina kontén *youtube* bisa jadi cara pikeun ngirut perhatian atawa nyiptakeun hal anu unik dina kontén. Para *youtuber* biasana néangan sagala rupa cara pikeun nyiptakeun kontén anu béda sangkan bisa ngirut perhatian anu nongton. Campur kode digunakeun ku *youtuber* bisa jadi salah sahiji cara pikeun ngahontal éta hal.

Tapi, ku ayana campur kode dina kontén-kontén *youtube* bisa waé ngabalukarkeun panongton salahpahaman kana naon anu ditepikeun ku para *youtuber*. Ku kituna, kudu aya kasadaran dina makéna basa anu bener pikeun mangpaatkeun campur kode dina kontén *youtube*. Sabab dina sababaraha kasus, campur kode bisa méré rasa anu anyar jeung unik dina komunikasi. Tapi, aya ogé resiko ayana salahpahaman (*misunderstanding*) dina komunikasi anu disababkeun ku ayana campur kode anu ngaleleuwihi atawa teu kakontrol.

Panalungtikan ngeunaan campur kode téh lain hal anu anyar, saméméhna kungsi aya ogé panalungtikan ngeunaan campur kode. Di antarana, (1) “Campur Kode dina Nulis Surat Pribadi Siswa Kelas VIII SMPN 1 Lembang” anu ditalungtik ku (Astriani, 2013); (2) “Campur Kode dina Siaran Béntang Parahyangan Bandung TV” anu ditalungtik ku (Zakiyah, 2014); (3) “Campur Kode dina Akun Twitter Mahasiswa Departemen Pendidikan Bahasa Daerah FPBS UPI” anu ditalungtik ku (Solehudin, 2015); (4) “Campur Kode Dina Karangan Pangalaman Pribadi Siswa Kelas VII SMPN 3 Bandung” anu ditalungtik ku (Dewi, 2018); (5) “Campur Kode dina Acara Milang Béntang AKTV (Ulikan Sociolinguistik)” anu ditalungtik ku (Robiah, 2019); (6) “Campur Kode dina Artikel Siswa Kelas XII SMA PGRI I Bandung Taun Ajar 2018/2019” anu ditalungtik ku (Munawaroh, 2019); (7) “Campur Kode dina Meme Sunda Di Akun Instagram Sunda” anu ditalungtik ku (Adinda, 2020); jeung (8) “Campur Kode dina Vidéo Youtube Vlog Akun Fiksi” anu ditalungtik ku (Destriani, 2021).

Panalungtikan nu geus disebutkeun téh ogé sarua pada-pada medar campur kode dina basa Sunda. Jaba ti sumber datana anu béda, nyaéta ségmén “Rebo Nyunda” anu aya dina *youtube channel* Airani Iofifteen Channel Hololive-ID.

Salian ti objék, tina panalungtikan saméméhna aya sababaraha panalungtikan dina widang pangajaran di sakola anu gunana pikeun mikanyaho kamampuh siswa dina ngalarapkeun kandaga jeung wanda kecap. Panalungtikan saméméhna ogé nalungtik campur kode dina média massa contona acara *ditelevisi*. Salian ti widang pangajaran jeung média massa aya ogé panalungtikan dina sosial média saperti *twitter*, *instagram*, jeung *youtube*.

Milih fokus ieu panalungtikan ku lantaran di jaman ayeuna rata-rata masarakat leuwih milih nongton vidéo di *youtube* ti batan *ditelevisi* (TV). Sabagian masarakat hususna *gén z* nganggep yén *youtube* leuwih *fleksibel* tibantaran tv, *youtube* ogé miboga rupa-rupa kontén anu bisa diluyukeun jeung minat panongtonna. Salian ti éta, vidéo ti *youtube* ogé bisa ditongton iraha waé jeung di mana waé, teu saperti tv anu kudu nunggu jadwal acara tayang. Iklan nu aya di *youtube* ogé teu lila siga di tv anu teu bisa diliwat (*skip*), ieu hal jadi salah sahiji alesan masarakat leuwih milih *youtube* ti batan tv (Hanana spk, 2020, kc. 5, & Paramesti spk, 2021, kc. 03)

Ku kituna, ieu panalungtikan nu judulna “Campur Kode dina Ségmén “Rebo Nyunda” *Youtube Channel Airani Iofifteen Channel Hololive-ID*” perlu dilaksanakeun.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang, rumusan masalah ieu panalungtikan dirumuskan saperti ieu di handap.

- 1) Wanda campur kode naon waé anu aya dina segmen “Rebo Nyunda” *youtube channel Airani Iofifteen Channel Hololive-ID*?
- 2) Wujud campur kode naon waé anu aya dina segmen “Rebo Nyunda” *youtube channel Airani Iofifteen Channel Hololive-ID*?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Ieu panalungtikan miboga tujuan anu hayang dihontal, ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum ieu panalungtikan téh miboga tujuan pikeun maluruh masalah basa, utamana campur kode anu aya dina ségmén “Rebo Nyunda” *youtube channel* Airani Iofifteen Channel Hololive-ID.

1.3.2 Tujuan Husus

Ieu panalungtikan miboga dua tujuan husus nyaéta pikeun mikanyaho jeung ngadéskrupsikeun campur kode dina ségmén “Rebo Nyunda” *youtube channel* Airani Iofifteen Channel Hololive-ID, déskripsina ngawengku:

- 1) wanda campur kode anu aya dina ségmén “Rebo Nyunda” *youtube channel* Airani Iofifteen Channel Hololive-ID; jeung
- 2) wujud campur kode anu aya dina ségmén “Rebo Nyunda” *youtube channel* Airani Iofifteen Channel Hololive-ID.

1.4 Mangpaat/ Signifikansi Panalungtikan

Mangpaat tina ieu panalungtikan, ngawengku mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan pangaweruh dina widang sosiolinguistik minangka élmu basa anu aya patalina jeung makéna basa di masarakat. Salian ti éta, ieu panalungtikan ogé bisa dijadikeun référénsi pikeun panalungtikan satuluyna.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Salian ti mangpaat tioritis ieu panalungtikan ogé miboga mangpaat praktis, anapon mangpaat praktis tina ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) pikeun panalungtik, dipiharep bisa nambahan pangaweruh ngeunaan campur kodé; jeung
- 2) pikeun masarakat, dipiharep bisa méré informasi ngeunaan campur kode nu aya di masarakat.
- 3) pikeun lembaga, dipiharep nambahan bahan panalungtikan dina widang linguistik hususna widang sosiolinguistik;

1.5 Raraga Tulisan

Struktur organisasi skripsi miboga fungsi pikeun méré gambaran dina ngalaksanakeun panalungtikan. Ieu skripsi disusun jadi lima bab di handap ieu.

BAB I Bubuka, anu eusina ngeunaan kasang tukang panalungtikan, idéntifikasi masalah, tujuan panalungtikan anu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan anu ngawengku mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis, sarta raraga tulisan.

BAB II Ulikan Tiori, anu eusina ngeunaan tiori campur kode, *youtube*, panalungtikan saméméhna, jeung raraga mikir.

BAB III Méthode Panalungtikan, anu eusina ngeunaan désain panalungtikan, sumber data panalungtikan, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik analisis data.

BAB IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, anu eusina ngajéntrékeun analisis wanda jeung wujud campur kode nu aya dina objék panalungtikan.

BAB V Kacindekan, Implikasi, jeung Rekomendasi, anu eusina ngawengku kacindekan tina hasil panalungtikan, implikasi, jeung rekomendasi ti panyusun.